**муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение средняя общеобразовательная школа № 31**

| | |
|---|---|
| Утверждено на заседании МО<br>учителей осетинского языка<br>и литературы<br>Чараева Т.Ц.<br>от 28.08. 2023 протокол № 1 | Утверждаю<br>Директор МБОУ СОШ № 31<br>З.А.Варзиева<br>28.08.2023 протокол № 1 |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА по Осетинской литературе

для учащихся 7-х классов по УПМ «Ирон литературæ»

автор – Газдарова А. Х. Дзапарова З.Г.

(2023-2024 учебный год)

**Ирон литературæйæ 7-æм кълас,**
**æдæппæт 51 сах**

---

## Æмбарынгæнæн фыстæг

Программæ арæзт у Республикæ Цæгат Ирыстон – Аланийы иумæйаг æмæ профессионалон ахуырады Ирон æвзаг æмæ литературæйы программæйы бындурыл .

Адæмы монон царды кæддæриддæр стыр ахадындзинад уыдис фольклор æмæ аив литературæйæн. Уыдоны нывæфтыд æрцыд сæ цард, сæ историйы ахсджиагдæр цаутæ, сæ зонадон фæлтæрддзинад. Уыдоны ис зонды суадон, ныхасы фидауц æмæ бæрзонд идейæтæ. Дзырдаивадæн йæ нысаниуæг фæуæлдæр ис нæ рæстæджы. Уый рæзгæ фæлтæры хъомыл кæны гуманизм æмæ граждайнаг идеалтыл, фидар кæны адæмы удварн, уымæй рæзынц монон æмæ культурон традицитæ. Уымæ гæсгæ скъолайы куысты ахъаззагдæр у литературæ ахуыр кæнын.

## Программæйы нысан æмæ хæстæ

7-æм къласы ирон литературæйæ скъоладзаутæ ахуыр кæнынц фольклор æмæ литературæйæ хицæн уацмыстæ. Уыдон сты аив, мидисджын, скъоладзау йæ кармæ гæсгæ кæй бамбардзæн, ахæмтæ.

Ирон литературæ ахуыр кæныны *сæйрагдæр нысантæ сты:* зонындзинæдтæ раттын ирон литературæйæ аивадон тексты бындурыл; литературон уацмыс анализ кæныны зонындзинæдтæ арфдæр кæнын; аивадон уацмыстæ кæсыны культурæ рæзын кæнын. Уыимæ стыр нысаниуæг ис аивадон литературæйы фæрцы удварны хъомылады фарстатыл кусын, абоны рæстæгæн аргъ кæнын зонын; æгъдау, кад, намыс, патриотизм æмæ граждайнаг хæстæ цы сты, уый зонын; гуманон дунембарынад æмæ национ химбарынадæй хайджын кæнын; литературон уацмысы эстетикон æнкъарæнтæ æмбарын; ирон адæмы национ культурæйы сæйраг миниуджытæ литературон тексты агурын.

Ирон адæмон сфæлдыстад у адæмы монон культурæйы ахъаззаг хай. Уый у нæ адæмы «зонд æмæ зæрдæйы рухсæй нывæст». Фольклоры сыгъдæгæй зынынц царды нывæфтыд истори, фæлтæрты сагъæстæ æмæ бæллицтæ. Нæ фыдæлтæм нæ уыд фысгæ истори, фæлæ нын адæмон сфæлдыстад у ахсджиаг историон æрмæг, уый фæрцы базонæм ивгъуыд заманты цард. Фольклоры æппæт жанртæ дæр æвдисынц адæмы цард, сæ зонд, сæ хъуыдытæ, сæ цæстæнгас цардмæ, æрдзы фæзындтæм. Уымæ гæсгæ йын ис стыр зонынадон, хъомыладон æмæ эстетикон ахадындзинад.

Программæ стыр ахъаз уыдзæн ирон фольклор хуыздæр бамбарынæн, йæ сæйраг проблемæтæ йын бæстондæр раиртасынæн, адæмон сфæлдыстад ахуыр кæнынæн æххуысгæнæг æрмæг, амонæг мадзал.

*Ахуырадон программæйы нысантæ æмæ хæстæ:*

- адæмон сфæлдыстады æппæт хуызтæ, йæ сæйраг жанртæ æмæ сæ миниуджытæ алывæрсыгæй равдисын;
- фольклор æмæ аив литературæйы хицæндзинад бамбарын кæнын;
- æппæт жанрты текстты бындурыл зонындзинæдтæ райсын;

- историон-хъайтарон традициты фæрцы æрыгон фæлтæрмæ хæццæ кæнын патриотизм æмæ гуманон æнкъарæнтæ, идейæтæ, нæртон дуджы идеалтæ;

- кæсыны æмæ ныхасы културæ бæрзонддæр кæнын.

**2. Сæйраг домæнтæ скъоладзауты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæм**

*Скъоладзаутæ хъуамæ зоной:*

- адæмон сфæлдыстады сæрмагонд æууæлтæ, мидис æмæ хицæн миниуджытæ;
- фольклоры сæйраг хуызтæ æмæ жанртæ;
- текст æвзарын;
- уацмысты авторты цард æмæ сфæлдыстады тыххæй бæлвырд зонындзинæдтæ;
- аивадон ныв æмæ фæлгонц цы мадзæлттæй арæзт цæуынц, уый;
- хицæн литературон терминтæ.

*Скъоладзаутæ хъуамæ арæхсой:*

- уацмысты текcттæ аив æмæ æмбаргæ каст кæнынмæ;
- фольклоры жанрты текcттæ арф æмбарын æмæ æнкъарынмæ;
- мифтæ æмæ истори кæрæдзийæ хицæн кæнынмæ;
- тексты мидис æвзарынмæ, хи ныхæстæй йæ дзурынмæ;
- архайджытæн характеристикæ дæттын, кæрæдзийыл сæ абарынмæ;
- уацмысы нывæфтыд æвзаджы рæсугъддзинад æмæ йæ аивадон гæнæнтæ æвзарынмæ;
- уацмыс æмæ йæ архайджыты тыххæй йæ хъуыдытæ зæгъын, цаутæн аргъ кæнын, цардимæ сæ бæттын

**7-æм къласы Ирон литературæйы Кусæн программæйы структурæ**

7-æм къласы ирон литературæйы Кусæн программæ арæзт у системондзинад æмæ наукондзинады принциптыл.

Программæйы бæрæггонд цæуынц, литературæйы теорийæ ахуырдзаутæ хъуамæ цы ног зонындзинæдтæ райсой, уыдон.

Æрмæджы равæрды хынцгонд æрцыдисты скъоладзауты кары хицæндзинæдтæ дæр.

Программæйы бæрæггонд æрцыд ахуыры азы сахæтты нымæц, алы темæйæн дæр дзы цас лæвæрд цæуы, уый.

Программæйы сæйрагдæрыл нымад цæуы коммуникативон компетенцитæ (арæхстдзинæдтæ), културæамонынады (культуроведческая) компетенци рæзын кæнын.

Коммуникативон компетенци (арæхстдзинад) амоны, цæмæй скъоладзаутæ арæхсой ныхасы хуызтæй (дзургæ, фысгæ, хъусгæ) пайда кæнынмæ, ныхасы уавæртæм гæсгæ арæхсой сæ ныхас аразынмæ.

Културæамонынады (культуроведческая) компетенци – ирон литературæ ирон адæмы културæимæ зонгæ кæныны фæрæз кæй у, уый æнкъарын; литературæйы бастдзинæдтæ истори æмæ адæмы културæимæ, ирон ныхасы этикетон нормæтæ зонын, пайда кæнынмæ сæ арæхсын.

***Иумæйагæй ахуырадон предмет «Ирон литературæ»-йы сæйраг хæстæ сты:***

- литературон уацмысты бындурыл хъомыладон куыст кæнын;
- логикон хъуыдыкæнынады рæзтыл кусын;
- скъоладзауты фæцалх кæнын хиуыл кусыныл, ирон литературæ хибарæй ахуыр кæныныл;

- иумæйаг ахуырадон арæхстдзинæдтæ рæзынил куыст (удгоймагон, регулятивон, зонындзинæдтæ исыны (познавательный), коммуникативон.

***Предметы хицæндзинад:***

Ирон литературæ у ирон адæмы уд æмæ зонд, ирон адæмы культурæйы хæзнадон; ирон литературæ у ныхас кæныны, хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз, нæ адæмы царды тыххæй зонындзинæдтæ кæрæдзийæн дæттыны фæрæз. Литературæ канд хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз нæу, литературæ у хъомылады хотых, æмæ уымæ гæсгæ ирон литературæйы ахуыртæн скъолайы ис стыр ахадындзинад.

Ранымад уавæртæ амонынц предметы хицæндзинад:

Ирон литературæ у ахуырадон хай «Филологи»-йы къабæзтæй иу, æнгом баст у ахуырадон предмет «Ирон æвзаг»-имæ. Ирон литературæ у скъоладзауты дзырдуат хъæздыг кæныны мадзал, сæ ныхасы культурæ, иумæйагæй коммуникативон арæхстдзинæдтæ рæзын кæныны фæрæз.

Ирон литературæйы фæрцы ахуырдзаутæ хуыздæр банкъардзысты дзырды эстетикон функци, фæцалх уыдзысты, хъуыдытæ æргом кæнынæн бæлвырд дзырдтæ ссарынмæ.

Программæмæ гæсгæ скъоладзаутæ базонгæ уыдзысты канд фольклорон æмæ литературон уацмыстимæ нæ, фæлæ ма литературæйы теорийы хицæн æмбарынæдтимæ дæр.

Ирон литературæ хъæздыгдæр æмæ мидисджындæр кæны скъоладзауты миддуне, сæ дунембарынад; ирон литературæйы фæрцы сывæллæттæ базонгæ уыдзысты адæмон сфæлдыстадимæ, ирон литературæйы хуыздæр уацмыстимæ.

Ахуырты рæстæг пайдагонд цæуы ахæм ахуырадон технологитæй:

- скъоладзаутæм индивидуалон цæстæй кæсыны технологи (дифференциаци);
- проблемон ахуыртæ;
- информацион-коммуникацион технологитæ;
- æнæниздзинад хъахъхъæныны технологитæ;
- бæрæггæнæнты инновацион системæ, «портфолио»;
- коллективон куысты хуызтæ (къæйттæй куыст, къордты куыст);
- проектон-иртасæн технологи

**7 -æм кълæсы** программæ домы дарддæр дæр скъоладзауты кæсын æмæ дзурынил ахуыр кæнын. Ахуырдзаутæ хъуамæ базоной текст æвзарын, йæ мидис рафæлгъауын æмæ йæ радзурын. Уыдонæн раттын хъæуы бæлвырд зонинæгтæ автор æмæ йе сфæлдыстады тыххæй. Лæмбынæг кæсын хъæуы йæ аивдзинады æууæлтæм. Уый сæраппонд, уацмыс æвзаргæйæ, амынд цæуынц хицæн терминтæ литературæйы теорийæ.

Ахуырдзаутæ хъуамæ базоной, аивадон ныв æмæ фæлгонц цы мадзæлттæй арæзт цæуынц, уыдон, хъуамæ иртасой нывæфтыд æвзаджы рæсугъддзинад æмæ йæ аивадон гæнæнтæ.. Скъоладзау хъуамæ базона уацмыс æмæ йæ архайджыты тыххæй йæ хъуыдытæ зæгъын, цаутæн аргъ кæнын, уыдон цардимæ бæтттын.

**7къласы программæйы мидис.**

**Разныхас 1с.**

***Адæмон сфæлдыстад.***6-7с.«Батрадз аемае сохъхъуыр уаейыг Афсаероны фырт Алаеф», «Сослан тыхагур», «Фаендыр куыд фаезынд», «Кодзырты Таймураз», «Ларс аема Хуха», Санаты Уари«Баетаейы фырттае», «Антъог».

Дзыхœй дзургœ сфœлдыстады хуызтœ. Нарты кадджытœ. Сœ мидис. Нœртон дуджы идеалтœ. Ном œмœ намысы нысаниуœг. Нœ рагфыдœлты œхсœнадон царды œуусœлтœ кадœджы. Æцœг œмœ œрымысгœ хабœрттœ. Сослан œмœ Сатанайы архайд. Зонды уœлахиз гуымиры тыхыл. Нарты кадджыты аивадон мадзœлттœ.

***Хетæгкаты Къоста.5с.*** Къостайы царды хабæрттæ. «Ныфс», «Хъуыбады», «Маегуыры заердае», «Таехуды», «Анае хай», «Всати»

**«Ныфс».** Фыд аемае фырты ахастытае – поэты сœйраг домœнтœ рœзгœ уды раз. Æмдзœвгœйы оптимистон уаг.

**«Хъуыбады».** Хъуыбадыйы уаваерБ œвœрз цард.  Цаемаен фаехауаеггаг Маегуыр лаеппу аецаегаелон ранмае . Уацмысы бœрзонд эмоцион тых йае темае аемае идейае равзарын

**«Магуыры заердае».** Хаеххон адаемы аевадат цард Къостайы раестаеджы.. Йœ бастдзинад адœмон œмбисондимœ.

**«Таехуды».** Позты баеллиц- мады фаелмаен хъаебыс\.автораен йаехи цардимае абарынАхсаенадон царды тыхстдзинаедтае,адаемы мает- уыдон сты позты саейрагдаер сагъаестае..

«Всати»-Адаемон сфаелдыстададай пайддагаенгаейае поэт аевдисы цуанонты уаваер,сырды бардуаг цард.

***Гæдиаты Секъа.***4с «Арагуийы Ерыстау аелдар».

**«Арагуийы Ерыстау аелдар».** Рœстœджы барджытœ радзырды. Мœгуыр адœмы хъизœмœйраг цард. Ӕлдары фыдмитœ. Адаемы тырнындзинад сœрибармœ. Сœ ныфсхаст. Сœ фыдœх цагъарадмœ. Радзырды сœйраг идейœ. Œрдзы нывтœ œмœ сœ ахадындзинад. Адœмон œмбисœндтœ уацмысы, сœ нысаниуœг.

Тугъанты Батырбнг.2с. «Баехдаваег».Уацмысы мидис. Йœ кофликт: патриархалон этикœйы хуыздœр œуусœлтœ фœсдзœуины « культурœмœ» ныхмœ œвœрдœй. Ирон лœджы фœзминаг миниуджытœ уацмысы: йе ддаг бакаст, адœмы хсœн хи дарыны фœтк, йœ царды œгъдау (куыст уарзын, хи фœллойœ цœрын, ныййарœджы буц дарын, фœрœзхъуагœн œххуыс кœнын, œндœр адœмты хордзинадтœ нымайын, уыимœ хи национ цœсгом œмœ œгъдаусœн аргъ кœнын

Гаглойты Рутен «Цард»1с. Уацмысы бындур. Йœ идейон мидис – зонды уœлахиз. . Авторы цœстœнгас йœ персонажмœ.

***Коцойты Арсен 5с.*.**

**«Дадолты мает»**.2 Радзырды мидис. Т Сымсийы царды уавœртœ. Сœ удыхъœды œнгœсдзинад. Сœ къуындœг миддуне œмœ сœ талынг зонды социалон œххосœгтœ. Юморы фœрœзтœ «чысыл адœймаджы» темœйы ранывœсты. Радзырды конфликт: мœгуыр, дœлдзиныг, фœлœ уœздан адœм œлдœртты гуымиры бархъомысы раз. Авторы цœстœнгас йœ персонажтœм

Даеснытыл аеуyаендын фаестаезад зондахаст..

«Гаедыйы къах цыбыр у».Сауджынтае аемае моллоты аудындзинад адаемыл.

.

***Гæдиаты Цомахъ.2 с.***«Фаендонæн», «Хуры тын»,»баелон»,»Ме фсымаермае»

**«Фаендон».**Ӕмдзœвгœйы идейон мидис. Царды гуылфœнмœ тындзыны хи хъысмœт дзыллœйы цардамондимœбœттыны пафос.Ӕхсœрдзœны œрдзон уынœр œвдисœг аив зœлты фœлхат

Цикл «Ахаестрны фыстытае».Револющийы уадтымыгъы амаеттагАхаетоны уаеззау уаваер амдзаевгаеты.

.

***Нигер.*«Бадилон симд»2 с.**. Кадœджы идейон мидис. – фыдракœнды бафхœрд, рœстдзинады уœлахиз. œмœ миниуджытœ. Кадœджы конфликт. Социалон дихдзинады мотивтœ. Ӕрдзы нывтœ œмœ сœ нысан.

***Хъуылаты Созырыхъо.2 с.*** «Тотырадзы зараег»**«Муссаейы скъола».** Радзырды темœ œмœ идейœ. цауты œвдисœн œмœ аргъгœнœАдаемон сфаелдыстад аендаевдад уацмысты.

Рагон маесыг аемае Муссаейы скълолайы абарс. Куыд саеххаест Муссаейы баеллиц.

**Хъамбердиаты Мысос .1с.»**Чызгимае ныхас,Патриотизмв зараег.

***Дзесты Куыдзæг.*****«Хорхаессаег» 3 с.**Радзырды темæ. Темсырыры монументалон сурæт. Йæ характеры сæйраг æууæлтæ: æхсар æмæ намыс.Адаемы катай хорты саефтыл.

Цыртытае…Хаехбаесты уаеззау уаваер.

Фыд аемае фырты трагикон хъысмает.

**Фаернион Къоста2с.** «Хъаебатыр цаергаес». .Мидхаесты цаутае ,адаемы хъаебатырдзинад.Дзаераехохты Хадзы-Мураты фаелгонц

Цаегаты йын куыд аргъ каенынц абон даер.

**Мамсыраты Даебе 2с. «Цыт» Уацмысы мидис,колхозон араезтад,Цола аемае Дзынгайы фаелгонц,мидис хайгай аеварын.**

**Кочысаты Мухарбег** 2с. «Мае хаес»,» «Хъама», «Адаемы маст». «Фаестаг салам»

Мухарбеджы поэзийыл афаелгаес..йае ахаст Райгуыраен баестаем.

Поэты патриотон миниуджытыл аердзурын,хаестон хъаебатыртаен кад каенын

**Калоты Хазби 2с.**«Кард» « Фаестаг салам»

Царды саераппонд йае саер нывондаен чи аерхаста, уыдон рухс ном ма рох каенын.

**Гафез 2с**. «Зараег цаераебонтыл»Поэмаейы саейраг мидис,йае аивадонаеууаелтыл аердзурын.

Раргом каенын аемдз. идейае.

**Плиты Грис 2с**«Мад». Поэты цард аемае сфаелдыстадимае базонгае каенын.Мад царддаетаег цаемае сиды адаеммае,цамаей цард бахъахъхъаеной,заеххыл хаест макуы уал уа.

Таеригъаед нае тайы , раестдзинад нае саефы.

.

**Сæйраг домæнтæ 7 къласы ахуыргæнинæгты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæм**

**Скъоладзаутæ хъуамæ зоной:**

- цы уацмыс ахуыр кæнынц, уый текст, йæ мидис; йæ цаутæ æмæ сæ рæзт (сюжет); сæ хъайтарты, уыдоны æууæлтæ æмæ æмæ ахастытæ;

-дзырдаивады хуызтæ: фольклорæй – миф, кадæг, таурæгъ, аргъау, зарæг; литературæйæ – радзырд, поэмæ, драмæ, æмдзæвгæ; аивадон фæрæзтæй – юмор æмæ сатирæ, сурæт æмæ фæлгонц, строфа æмæ рифмæ, эпитет, метафорæ, абарст, фæсномыг ныхас (аллегории), символ.

**Скъоладзаутœ хъуамœ арœхсой:**

-алыхуызон текстœ раст, аив œмœ рœвдз кœсынмœ;

-цы уацмыстœ сахуыр кодтой, уыдоны мидис радзурынмœ; фœрстытœн бœстон дзуапп дœттынмœ;

-уацмысы мидис равдисынœн пълан саразынмœ, уыцы пъланыл цыбыр сочинении ныффыссынмœ;

-персонажтœн характеристикœ дœтттынмœ;

-хибарœй ( фœсурокты) цы уацмыстœ бакастысты, уыдон мидис радзурынмœ, уыдон тыххœй йœхи хъуыды зœгъынмœ;

-дзырдуатœй œмœ хрестоматийы фиппаинœгтœй пайда кœнынмœ.

**Уацмыстæ наизусть ахуыр кæнынмæ:**

1. Хетæгкаты Къоста. *«Таехуды», «Аенае хай»*
2. Гæдиаты Цомахъ. *«Хуры тын», «Баелон»*
3. Хъамбердиаты Мысост. *«Чызгимае ныхас»*
4. Плиты Грис. *«Мад»*
5. Кочысаты Мухарбег «Фаестаг салам»

*Литерæтурæ:*


1. Джыккайты Ш. Ирон литературæйы истори (1917-1956). Ахуыргæнæн чиныг. – Дзæуджыхъæу, 2002.
2. Джусойты Н. История осетинской литературы. Кн. 1-ая, 2-ая. – Тбилиси, 1985.
3. Джикаев Ш. Осетинская литература. Краткий очерк. – Орджоникидзе, 1980.
4. Джыккайты Ш. Нæ разагъды лæгтæ. Сфæлдыстадон портреттæ. – Дзæуджыхъæу, 2000.
5. Ирон литературæ (1917-1956 азтæ). Хрестомати. 2-аг хай. – Дзæуджыхъæу, 1998.


**Къалендарон – тематиконпълантæиронлитерæтурæйæ 7 – æмкъласы.**
**Фыццагафæдзырдæджыкъуыри2 сахат(31сах.)**
**Дыккагафæдзырдæджыкъуыри 1 сахаты( 20сах.)**
**Æдæппæтæйафæдзмæ 51сахат 2023-2024 ах.аз**

<table>
<tr><td rowspan="4">1.<br>2.<br>3.<br>4.<br>5.<br>6.<br>7.<br>8.<br>9.<br>10<br>11<br>12<br>13<br>14<br>15<br>16<br>17<br>18</td><td>№</td><td>Урочытемæ</td><td>Сах.</td><td>Нымæц(пъланмæгæсгæ)</td><td>Нымæц(уагъдæрцыд)</td></tr>
<tr><td>1-8</td><td>1Разныхас;.«Нарты кадджытæ»- иронадæмы эпос<br><br>2.»Батрадз аемаесохъуыруаейыджыфыртАлаеф».<br><br>3.Кадаег «Сослан-тыхагур» -ы мидис..<br><br>5. Таурæгъ «Фаендыркуыдфаезынди»<br><br>6. «КодзыртыТаймураз».<br><br>7. «Ларс аемаеХуха»<br><br>8.Санаты Уари « Баетаейыфырттае».</td><td>8</td><td></td><td></td></tr>
<tr><td>9-10</td><td>Н/Ркуыст.Нывæцæн хи равзæрсттемæйыл (рацыдæрмæгæй)</td><td>1</td><td></td><td></td></tr>
<tr><td>11-16</td><td>1.Хетаегкаты Къостайыцардаемаесфаелдыстад, йаеуацмыстымидисæмæидейæтæ. «Ныфс»<br>Н/Р «Къоста мае уарзонфыссаег».<br>2. «Хъуыбады»-.<br>3. «Хъуыбады»<br><br>4.Хаеххон цардынывтае «Маегуырызаердае»-йы.<br><br>5.»Таехуды», «Анае хай»..</td><td>5</td><td></td><td></td></tr>
</table>

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | 16-19 | 1Гаедиаты Секъайыцардаемаесфаелдыстад.<br>2. «АрагуийыЕрыстауаелдар»-ы мидис.<br>3. «АрагуийыЕрыстауаелдар».Адаемытохсаеб артыл.<br>4. Марине аемаеТугъаныхъысмает (фыссынмае). | 4 | | |
| | 19-20 | 1.Тугъанты Батырбег «Баехдаваег».<br>2. «Баехдаваег».. | 2 | | |
| | 21 | ГаглойтыРутен «Цард». | 1 | | |
| | 22-24 | 1. КоцойтыАрсенысфаелдыстад..<br>2. Радзырд «Дадолты мает».<br>3. «Дадолты мает». | | | |
| | 25-26 | 1. «Гаедыйыкъахцабыр у».<br>2. «Гаедыйыкъахцыбыр у». | 1 | | |
| | 26-27 | 1.Гаедиаты Цомахъысфаелдыстад «Фаендон».<br>2..Цикл «Ахаестоныфыстытае»<br>«Хуры тын», «Баелон».»Мефсымаермае» | 2 | | |
| | 28-29 | 1.Нигер. Поэмае «Бадилонсимд».<br>2.Бадилон алдаерттыцард . | 2 | | |
| | 30-31 | 1. ХъуылатыСозырыхъо «Тотрадзызараег»<br>2. «Муссаейыскъола». | 2 | | |
| | 31 | 1.Малиты Геуаергийысфаелдыстадыахадындзинад «Дзираскъае». | 1 | | |
| | 32-34 | 1.Дзесты Куыдзаег «Хорхаессаег».<br>2. «Хорхаессаег»..<br>3.Тох | 3 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | цардысаерваелтауаердзытыхтимае.фыссынмае | | | |
| | 35-36 | .1.Фаернион Къоста «Хъебатырцаергаес»<br><br>2.Хъайтары тохынисануацмысы.. | 2 | | |
| | | | | | |
| | 37-39 | 1.Мамсыраты Даебе «Цыт».<br>2.Дзынгайы удыхъаед | 2 | | |
| | 40 | Н/Р/К Изложенискъуыддзаг «Цыт»-аей | 1 | | |
| | 41-42 | 1.Кочысаты Мухарбег .Хаестаемаеадаеймаджыхъ**ысмает «Фаестаг салам».**<br>**2. «Адаемымаст», «Хъама», «Мае хаес».** | 2 | | |
| | 42 | 1.Калоты Хазби «Фаестаг салам». | 1 | | |
| | 43 | 1Гафез «Зараегцаераенбонтыл». | 1 | | |
| | 44. | 1.Дзаболаты Хазби «Фашисттаеаехсынц Пушкины». | 1 | | |
| | 45-46 | 1.Плиты Грис « Мад»-хæстыазарæмæадæмыхъысмæт.<br>2.«Иунаеджы кадаег. | 2 | | |
| | 47 | БукуылтыАлыкси «Авдадзыхос». | 1 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | 49 | Хъайтыхты Сергей «Ираед». | 1 | | |
| | 50 | Компьютерон  тест рацыдаермаегаей . | 1 | | |
| | 51 | Каеронбаеттаен урок. | 1 | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |